

# VANOTSVAKA

## Chidzidzo NezveBhaibheri

@ Copyright, World Evangelism Publications

Kana ukaita mibvunzo, makomendi, kana maonero ane chekuita nebhuku rino mururimi rwechiShona, ndapota taurai nemunyori paWhatsApp kana kufona pa:  
+263772941890

Kutenda kukuru kuMukadzi vangu Victoria nekushingaira kundisimbisa mumbasa iri rekushandura Mabhuku kumaisa mururimi rwechiShona.

### **InDesign Layout For Shona Translation:**

Shane Fisher

### **Kana paFacebook page**

Tom Mlauzi

### **Rakanyorwa mururimi rwechishona na:**

Tomson Mlawuzi

Email: [tomsonmlawuzi@gmail.com](mailto:tomsonmlawuzi@gmail.com)

(+263) 772941890

Hatcliffe Church of Christ, Harare

**Rakafambiswa mukugoverwa na:**

Tawanda Godwin Marandure:

(+263) 772625642

Manyame Park church of Christ

Box ZG 4 Zengeza Chitungwiza

manyamepchurchhofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

**Bvumo Kubva:**

World Evangelism Publications

Manyame Park church of Christ

manyamepchurchhofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

(+263) 772625642

This printing, 5,000 copies - 2023 - **Shona**

**Kutenda kukuru kumaProofreaders Aya:**

Tawanda Godwin Marandure

Tapiwa G Madamombe

Victoria Chayabandi

Christopher Mlauzi

Nimrod Janah

**Rakadhindwa na:**

World Evangelism Publications

Winona, Mississippi

## NHANGANYAYA

Kana uchida kuziva zvinodzidziswa neBhaibheri, hapana chinotsiva kudzidza Bhaibheri uri woga. Chekutanga, verenga Bhaibheri rako. Chechipiri, sarudza chidzidzo cheBhaibheri chinogona kukubatsira kudzidza zvarinodzidzisa munzira dzakarongeka. Kunyange zvakadaro, iva nechokwadi chokuti zvidzidzo zvaunodzidza zvinobva pazvinodzidziswa neBhaibheri chete, zvakajeka uye zvinonzwisika.

Makore mashoma akapfuura ndichishanya muPhilippine ndakasangana nechidzidzo cheBhaibheri chakanga chakatorwa paIndaneti. Hama dzavepo dzaishandisa chidzidzo ichi, uye pakupfuura nemuzvidzidzo izvi ndakaona kuti dzakabva mumagwaro uye dzaive nyore kuverenga. Chidzidzo chacho chaibatidza zvinhu zvinokosha izvo munhu anofanira kuziva kuti ave Mukristu, nhengo yeChechi yaShe. Yakanga iri pfupi - isina kutambanudzwa pamusoro pezvidzidzo zvakawanda. Naizvozvo ndakasarudza kuti tinofanira kuiwedzera kune dzimwe dzidziso dzeBhaibheri dzatinoita kuti dziwanike kuti dzishandiswe munyika yose.

Panzvimbo pokuiprinda mumapepa akaparadzana, takaisa zvidzidzo izvi zvisere pamwe chete ndokuzvidhinda muchimiro chebhuku. Mapeji maviri ebvunzo dzebvunzo dzechidzidzo chimwe nechimwe akarongwa kuti ugone kudzidza zvidzidzo izvi, pindura mibvunzo, uye wobvarura mapeji ebvunzo uye woatumira kwaakadzi andoiswa. Izvi zvichaita kuti usare nebhuku racho kuti uwedzere kudzidza uinaro.

Zvinokurudzirwa kuti udzidze zvidzidzo zviviri, wopindura mibvunzo inofukidza zvidzidzo zviviri izvozvo, uye uzvitumire kwazvinofanirwa kunoiswa. Mushure mekunge mapeji iwayo adzoserwa kwamuri, endererai mberi nezvimwe zvidzidzo zviviri zvinotevera, uye upfuurira kusvikira zvidzidzo zvose zvapera. Ukatevera nzira iyi, chokwadi uhabatsirwa zvikuru nechidzidzo chacho.

Kana uine mibvunzo kana uchida kutora chimwe chidzidzo, ndapota tizivise. Dai Mwari vakukomborerai sezvamunoenderera mberi nefundo yenyu uye, panguva imwe cheteyo, tinokukurudzirai kukoka shamwari dzenyu kuti dzitorevo zvidzidzo izvi.

J.C. Choate  
Chechi yaKristu  
New Delhi, India  
Chikumi 20, 2005

## **Zviri Mukati**

Chidzidzo Chekutanga: Bhaibheri.....	5
Chidzidzo Chechipiri: Jesu Mwanakomana Wamwari Mutsvene.....	10
Chidzidzo Chechitatu: Dambudziko reChivi.....	15
Chidzidzo Chichina: Kuponeso Kubva KuChivi.....	19
Chidzidzo Chechishanu: Rubhabhatidzo rweMvura.....	24
Chidzidzo Chechitanhatu: Chechi.....	28
Chidzidzo cheChinomwe: Kunamata Kwechokwadi.....	33
Chidzidzo Chesere: Upenyu Utsva Muna Kristu.....	38

## **Chidzidzo Chekutanga BHAIBHERI**

Nderipi bhuku iri rinonzi Bhaibheri? Muunganidzwa wemabhuku akanyorwa nevarume vakasiyana-siyana vanosvika 40 mukati menguva yemakore 1600 (kubvira munenge muna 1500B.C. kusvika 100 A.D.). Varume ava havana kunyora pasi nezveuchenjeri hwavo kana zivo rwavokuti vamwe vadzidze. Asi kuti vakanyora mukufuridzirwa naMwari kunyora mashoko avakanyora.”Nokuti hakunovuporofita bwaka-tongovuya nokuda kwomunhu, asi vanhu vatswene vaMwari vakataura, vachimutswa noMweya Mutsvene.” (2 Petro 1:21).

Imwe ndima inotiudza kuti: “Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama, kuti munhu waMwari akwane, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka.” (2 Timotio 3:16,17).

Kunyange zvazvo mashoko aya akanyorwa nevanhu, munyori weshoko racho ndiMwari. Bhaibheri rinozivisa chokwadi icho vanhu vanofanira kuziva. Nemhaka yokukosha kwezviri mukati meBhaibheri, Mwari akatipa chenjedzo kuti tive nechokwadi chokuti hatifaniri kushandura zvakazarurwa zvake kuti zvienderane nesu. Rutivi rwomutemo waMwari wakapiwa naMosesi kuna Israeri akati: “Musawedzera kana kutapudza pashoko randinokurairai, kuti muchengete mirairo yaJehovha Mwari wenyu, yandinokurairai.” (Dheuteronomio 4:2).

Zvakakosha kuziva chaizvo zvinodzidziswa neBhaibheri; kana zvikasadaro, hatizokwanisi kuziva kuda kwaMwari kana kukwanisa kumufadza. Mwari achapa mubayiro avo chete vakamuda uye vakaita kuda kwake. “Havazi vose vanoti kwandiri Ishe, Ishe vachapinda muvushe hwokudenga. Asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.” (Mateo 7:21).

### **Mwari Upi?**

Munyika yanhasi mune vamwari vazhinji; mubvunzo unouya mupfungwa, “Ndimwari upi wauri kutaura nezvake? Muapostora Pauro akasangana nemubvunzo uyu makore 2, 000 apfuura paakauya kuguta reAtene. Guta “rakanga rakakumidzwa kuzvidhori” (Mabasa 17:16). Pauro aiparidza nezvaJesu (uyo anova musoro wechidzidzo chechipiri munhevedzano ino). Asi sezvo dzidziso iyi yakanga ichishamisa munzeve dzavo, vanhu vakakumbira Pauro kuti atsanangurezve zvineudzamu.

Zvino Pauro, amire pakati peAreopago, akati: “Imi varume veAtene, pazvinhu zvose ndinovona kuti munonamata zvikuru. Nokuti ndakati ndichipfuvura, ndichicher-ekedza zvamunonamata, ndakawana vo aritari yakanyorwa izvi: KUNAMWARI US-

INGAZIKANWI. Zvino chamunonamata musingachizivi, ndicho chandinokuparidzirai. Mwari wakasika nyika nezvose zviri mairi, iye Tenzi wedenga napasi, haagari mutembere dzakaitwa namavoko. Haashumirwi namavoko avanhu, saachinge achishaiwa chinhu, zvaari iye amene unopa vose vupenyu, nokufema, nezvose.” (Mabasa 17:22-25).

Mwari weBhaibheri haasi mwari womunzvimbo idzo dzinorotwa navanhu, kana kuti “mwari pakati pavazhinji; ndiMwari wechisiko chapose pose, Uyo akaita zvose zvaunoono panyika nokumatenga. Saizvozvo, kune vhesi yekutanga iri mubhuku rekutanga reBhaibheri raGenesi inozivisa chokwadi ichi. “Pakutanga Mwari akasika denga nenyika.” (Genesisi 1:10).

Chitsauko chimwe chete ichocho chaGenesisi chinovisa kwatiri kuti Mwari ari muuzhinji. Hatingoverenge chete nezveMweya waMwari (Genesi 1:2), asi tinoverengawo zvakare kuti, “Ngatiite munhu nomufananidzo Wedu.” (Genesi 1:26) Naizvozvo, kune vatatu vanogoverana hunhu hwoUmwari; Baba, Shoko (Jesu muTestamente Itsva), uye Mweya Mutsvene. Vatatu ava chinhu chimwe. “Inzwa, iwe Israeri: Ndimi Ishe Mwari wedu, Jehovha ndimi mumwe chete!” (Dheuteronomio 6:4).

Bhaibheri rinotiudzawo kuti Mwari haana kufanana nemunhu. Isu tiri nyama neropa kunze kwedu (mweya vedu unogara mukati), asi “Mwari ndiMweya” (Johani 4:24).

Sezvo isu, zvisikwa, tiri pamwero wakasiyana naMwari, Musiki wedu, hatinganyatsogona kunzwisisa zvizere chimiro Chake tichigara mumiviri yenyama iyi, asi tinogona kuziva chimiro Chake nokuda Kwake—nokuti zvinhu izvi Iye akazvivisa kwatiri muBhaibheri.

### **Bhaibheri Chii?**

Bhaibheri rakakamurwa kuita zvikamu. TESTAMENDE YEKARE uye TESTAMENDE ITSVA ndiwo mapoka makuru maviri.

Kune mabhuku makumi matatu nemapfumbamwe eTestamende Yekare uye makumi maviri nemanomwe eTestamente Itsva, zvichiaita makumi matanhatu nematanhatu pamwechete.

Mabhuku eTestamende Yekare akanyorwa kubva kuma1500 B.C. kusvika ku400 B.C. uye zvakare akakamurwa kuita mapoka makutu mana. Boka rokutanga rinoubwa namabhuku mashanu akanyorwa naMosesi, anodanwa kutu eMutemo. Genesi, rokutanga raaya, rinorondedzera kusikwa kweNyika ino uye rinopa pfupiso yezvinoitika zvinokosha mukati mamakore 2, 000 okutanga okuvapo kwomunhu, kubatanidza mafashamo enyika yose, ayo akaparadza vose kunze kwevanhu vasere.

Pashure pemafashamo, munhu akapandukirazve Mwari; saka Akasarudza

murume mumwechete, Abrahama, nechinangwa chakakosha. Vazukuru vake (avo vakazozivikanwa sorudzi rwaIsraeri) vakava vanhu vaMwari chaivo. Mwari akavapa mutemo wake mutsvene achishandisa Mosesi, uye vakava neropafadzo yokuva rudzi urwo Jesu aizoberekwa munyika ino.

Jesu ndiye akauya kuzobhadhara mutengo wedu vezvivi, kuti tiwane mukana wokuzvikanganwirwa.

Sezvo bhuku raGenesisi rinogumisa, vanhu vaMwari vari kugara munyika yeEgipita. Muna Ekisodho tinoona kuti vaIsraeri vakaitwa varanda; Mwari anotuma Mosesi kuti avasunungure. Anobva avapa mutemo wake nenzira yaanoda kuti vanamate nayo (Revhitiko, Numeri, naDhuteronomio).

Mabhuku gumi nemaviri anotevera eTestamente Yekare (Joshua kusvika kuna Esteri) anonyora nhoroondo yerudzi rwaIsraeri mukati memakore chiuru aitevera. Jobho, Mapisarema, Zvirevo, Muparidzi, uye Rwiyo rwaSoromoni zvinotsanangurwa sezvinyorwa “zveuchenjeri”. Ivo akaita semandedetembo muchimiro chavo, kana nziyo, mutambo, netsumo. Mabhuku gumi nemanomwe ekupedzisira akanyorwa nevaprofita vakararama uye vakadzidzisa mukati menguva iyoyo yemakore ane chiuru enhoroondo.

Testamente Itsva inoisa pfungwa dzedu pana Jesu, akauya kuzotidzikinura kubva kuzvivi zvedu. Upenyu hwake hwepanyika inyaya yemabhuku anoti, Mateo, Mako, Ruka, naJohani. Mabhuku aya ane nhoroondo yekuzvarwa kwake nemhandara, dzidziso dzake, kufa kwake pamuchinjikwa nekuda kwezvivi zvedu, kuvigwa kwake muguva, nekumuka kwake kubva kuvakafa.

Bhuku raMabasa rinotanga nemashoko akanaka achiparidzwa kuvanhu - kuti Jesu akatiponesa pazvivi zvedu. Kukanganwira kunowanikwa! Pamusoro pazvo, Mwari anoisa vose avo vakaponeswa mukereke, mutumbi wevatendi, pamusoro pawo Jesu ari Musoro.

VaRoma kuburikidza naJudah vanotsanangura hurongwa hwechiKristu, kusanganisira manamatiro atinoita nekushandira Mwari kusvika paKuuya kwechipiri kwaKristu, apo nyika ino inoguma uye vose vachatongwa maererano nemabasa avo. Bhuku raZvakazarurwa ndereuprofita; rinotivimbisa tose kuti Mwari ane hanya uye anopa mubayiro vana Vake vakatendeka, pasinei nemiedzo yatinosangana nayo muupenyu huno.

Mabhuku ese eTestamente Itsva akanyorwa pakati peA.D. 40 naA.D. 100.

## Chidzidzo 1 Mibvunzo

### Zadzai zvigaro nemhinduro dzakakodzera.

1. Bhaibheri muunganidzwa wemabhuku \_\_\_\_ Akanyorwa nevarume vangangosvika \_\_\_\_ kubva ku \_\_\_\_ B.C. kusvika A.D.
2. Varume vatsvene vaMwari vakataura vachisundwa ne \_\_\_\_.
3. Rugwaro rwose runopiwa na. \_\_\_\_ yaMwari.
4. Nekuziva zvinodzidziswa neBhaibheri chete tinogona \_\_\_\_ Mwari.
5. Kuna Mwari mumwe chete akaita \_\_\_\_ chinhu chiri mariri.
6. Pakutanga Mwari akasika \_\_\_\_ ne \_\_\_\_.
7. Vatatu vanogovera hunhu hwehuMwari ndivo \_\_\_\_ uye \_\_\_\_.
8. Testamende yekare ine mabhuku \_\_\_\_, Testamende Itsva ine \_\_\_\_.
9. Mabhuku mashanu okutanga anonzi \_\_\_\_, uye akanyorwa na \_\_\_\_.
10. Mwari akasarudza murume anonzi \_\_\_\_ nechinangwa chakakosha. Vazukuru vake vaizonzi rudzi rwe \_\_\_\_ Kuburikidza nerudzi irworwo \_\_\_\_ rwaizober-ekwa munyika.
11. Mabhuku gumi nemaviri eTestamente Yekare (Joshua kusvika kuna Esteri) anon- yora nhoroondo yerudzi rwe \_\_\_\_ kwechiuru chemakore.
- 12 Testamente Itsva inonangidzira ngwariro yedu pa akauya ku \_\_\_\_ isu kubva ku \_\_\_\_ yedu.

### Maka zvirevo zvinotevera kuti chokwadi kana nhema.

1. \_\_\_\_ Vanyori veBhaibheri vakanyora pfungwa dzavo vamene kwete dzaMwari.
2. \_\_\_\_ Mwari haana basa kana munhu akashandura shoko rake kuti rienderane naye.
3. \_\_\_\_ Iye chete anoita kuda kwaBaba ndiye anomufadza.
4. \_\_\_\_ Hazvinei kuti tinonamata mwari upi kana kushumira.
5. \_\_\_\_ Mwari wezvose hapana chaanoda
6. \_\_\_\_ Mwari Mweya, kwete nyama neropa.
7. \_\_\_\_ Testamende yekare ine zvikamu zvenhoroondo, nhetembo, uye chiporofita.
8. \_\_\_\_ Tesitamende Itsva inotaura nezvaJesu; mabhuku ose Akanyorwa pakati peA.D. 40 ne100.
9. \_\_\_\_ VaRoma kusvika kunaJudasi vanotsanangura maitiro echiKristu.
10. \_\_\_\_ Bhuku reTestamente Itsva renhoroondo rinonzi Zvakazarurwa.
11. \_\_\_\_ Mwari achapa mubayiro avo vanomuda uye vakaita kuda kwake.
12. \_\_\_\_ Zvakakosha kuziva chaizvo zvinodzidziswa neBhaibheri kuti tikwanise kushumira Mwari zvinogamuchirika uye kumufadza.



## **BHAIBHERI**

- Bhaibheri rine pfungwa dzaMwari, mamiro emunhu, nzira yeruponeso, kuparadzwa kwevatadzi, uye mufaro wevatendi.
- Iro dzidziso itsvene, mirairo yaro inosunga, nhorondo dzayo ndeyechokwadi, uye sarudzo dzayo hadzishanduki.
- Riverenge kuti uve akachenjera, tenda kuti rakachengeteka, uye dzidzira kuti chive chitsvene.
- Rine chiedza chinokutungamirira, chikafu chinokutsigira, uye nyaradzo yekukufadza.
- Imepu yemufambi. tsvimbo yomupilgrim. zvemutyairi wendege kambasi, bakatwa remurwi, uye gwaro rechibvumirano chemuKristu.
- Pano denga rakazaruka, uye masuwo eGehena akazarurwa. Kristu Jesu ndiye musoro wayo mukuru, kunaka kwedu magadzirirwo ayo, uye mbiri yaMwari kuguma kwayo.
- Anofanira kuzadza ndangariro, kutonga mwoyo, uye kutungamirira tsoka.
- Iverenge zvisvishoma nezvisvishoma, nguva nenguva, uye uchinyengetera.
- Mugodhi wepfuma, utano kumweya, uye rwizi zvemafaro.
- Wakapiwa kwauri pano muhupenyu huno, uchavhurwa pa kutonga, uye kuchasimbiswa nokusingaperi.
- Yaisanganisira basa gurusa, inovimbisa mubayiro webasa rikatendeka uye inoshora vose vanotamba nayo vachitya

**Chidzidzo Chechipiri**  
**JESU MWANAKOMANA**  
**WAMWARI MUTSVENE**

“Zvino Jesu wakaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iyi; asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari; vuye kuti, muchitenda, muve novupenyu muzita rake.” (Johani 20:30, 31).

Muna Genesisi, bhuku rokutanga chairo reBhaibheri, tinoudzwa kuti Mwari akasika murume wokutanga (Adhamu) nomukadzi wokutanga (Evha) mumufananidzo Wake amene ndokuvaisa munyika yakakwana, bindu reEdheni. Mwari akavapa murayiro wokuti vauchengete, asi vakautyora. Kutyora mutemo waMwari kunonzi kutadza. Isu takafanana naAdhamu naEvha pakuti takatadzawo. “Mubairo wechivi rufu” (VaRoma 6:23). Kufa uku hakusi kungofa kwenyama kwatinofa (kuparadzaniwa kwemweya kubva mumuviri) rufu urwu runosanganisira kupatsanurwa kusingaperi kubva kuna Mwari. Muna 2 VaTesaronika 1:7-9 tinodzidza kuti Ishe Jesu achava:

“Nemi munotambudzwa, kuti mupiwe kuzorora pamwe chete nesu pakuvonekwa kwaShe Jesu, kana achibva kudenga navatumwa vesimba rake, mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasingateereri Evhangeri yaShe wedu, Jesu Kristu; ivo vacharobwa nokuparadzwa kusingaperi, kuti vabve pamberi paShe, napakubwinya kwesimba rake.

Kuti tidzivise kurangwa kusingaperi tinofanira kusvika pakuziva Mwari uye kudzidza kuteerera evhangeri. Bhaibheri rinotizivisa nezvaMwari uye rinotiudza kuti tingaponeswa sei. Hurongwa hwaMwari hwekudzikinura munhu kubva muzvivi zvake hunotanga kuonekwa mubindu reEdheni. Panguva chaiyo iyo Mwari akananga achitaura chirango chechivi chomunhu, Akavimbisawo kumudzikinura (Genesisi 3:15).

Pave paya, Mwari paakasarudza Abrahamu nevazukuru vake kuti vave vanhu vake chaivo, akavimbisa kuti “marudzi ose enyika achakomborerwa mumwana wako.” (Genesisi 26:4 uye 28:14). Mwana uyu aizokomborerwa marudzi ose ndiJesu. (VaGaratiya 3:16). Jesu ndiye uyo (maererano neTestamente Yekare) aizouya munyika kuburikidza nezvizvarwa zvaAbhurahama (rudzi rwaIsraeri); Jesu ndiyewo musoro weTestamente Itsva.

**Jesu Akasiyana**

Jesu akazvarwa makore 2, 000 apfuura. Ndiye ega munhu akamborarama, akararama hupenyu zvose mumunhu venyama zvakakwana uye muuMwari pangu-

va imwe chete. Izvi zvingaita sezvakaoma kunzwisisa, asi Magwaro anoitsanangura.

“Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari.” (Johani 1:1).

“Uye Shoko rakazova nyama rikazogara pakati pedu, uye takaona kubwinya kwake, kubwinya sekwewakaberekwa umwe woga waBaba, azere nenyasha nechokwadi.” (Johani 1:14).

Panyama, Jesu akanga ari wedzinza raAbrahama. Asi Iyewo chikamu chehuMwari. Mwari (Shoko) akava munhu, mumwe wedu.

“Nokuti kuzara kwovuMwari kunogara maari pamuviri.” (VaKorose 2:9).

Jesu akanga ane munhu mumwe chete uye mubereki mumwe woumwari. Ngirozi yakataura kumusikana aizova mai vake, ndokuti: “Tarira, uchava nemimba, uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi Jesu.” (Ruka 1:31).

“Ipapo Maria akati kumutumwa: Izvozvi zvingava seiko, zvandisingazivi murume? Mutumwa akapindura, akati kwaari: Mweya Mutsvene uchavuya pamusoro pako, nesimba roWokumusorosoro richakufukidza; saka icho chitsvene chichaberekwa chichanzi: Mwanakomana waMwari.” (Ruka 1:34,35).

Jesu, zvisinei, akanga asiri hafu yomunhu uye hafu youmwari. Dzimwe nguva aizviti “Mwanakomana woMunhu” achireva kuva kwake munhu, uye dzimwe nguva aizviti “Mwanakomana waMwari, zvichireva Humwari Hwake. Shoko rokuti “mwanakomana wa” muBhaibheri rinoreva kuva nechimiro chomubereki womunhu zvizere. Nokudaro, Akanga ari panguva imwe chete uye panguva imwe cheteyo ari munhu akazara uye ane humwari zvizere. Kuzvininipisa kwakadini kwaakaraidza kurarama pasi pano somunhu!

“Ivai nomoyo uyo, wakanga uri munaKristu Jesu vo; iye, kunyange akanga akafanana naMwari, haana kuti kuenzana naMwari ndechinhu chinofanira kubatisiswa; asi wakazviita usina maturo, akazvitorera chimiro chomuranda, akaitwa nomufananidzo womunhu. Akati awanikwa anomufananidzo womunhu, akazvininipisa, akaterera kusvikira parufu, irwo rufu rwomuchinjikwa.” (VaFiripi 2:5-8).

### **Jesu Anogara Nokusingaperi**

Pane imwe nguva Jesu akaudza vaJudha kuti, “Abrahamu asati avapo, INI NDIRIPO.” (Johani 8:58) Kunyange zvazvo Abrahamu akanga ararama pasi pano makore 2, 000 Jesu asati aberekwa somunhu, Jesu aivapo chaizvo kupfuura izvozvo. , “INI NDIRIPO” , inoratidza kuti Anogara nekusingaperi. Jesu akatumwa panyika naBaba (Johani 5:23). Akauya achibva kudenga (Johani 6:38), uye akadzokera ikoko (Johani 13:3). Jesu akanyatsojekesa kuti akanga akaenzana naMwari (Johani 5:17, 18) naizvozvo vaJudha vaidza kumuuraya.

## Jesu Muponesi

Zita rokuti Jesu rinoreva “Muponesi”. Mai vake Maria akarairwa kumupa zita rokuti “Jesu” (Ruka 1:31). Sei? Maererano naMateo 1:21: “nokuti iye uchaponesa vanhu vake pazvivi zvavo.

Nokuda kwechikonzero chimwe chete ichi akasiya denga akauya panyika. Asi sezvo airatidzika kuva, kutaridzika, kungofanana nomumwe munhu upi noupi, Jesu aifanira kuratidza kuti akanga ari Mwanakomana waMwari aigona kuponesa vanhu pazvivi zvavo. Akaratidza kuzivikanwa Kwake nezvishamiso, zviratidzo, uye zvishamiso zvaakaita (verengazve chikamu chiri panotangira chidzidzo chino).

Jesu akaporesa murume akanga asingakwanisi kufamba kwemakore 38 (Johani 5:5-9). Akadyisa vanhu zviuru zvishanu nezvingwa zvishanu nehove mbiri duku (Johani 6:9-14). Akakwanisa kuita kuti munhu aone uyo akanga aberekwa ari bofu (Johani 9:1-7). Akamutsa Razaru kubva kuvakafa (Johani 11:38-44) Uye izvi zvinongova zvishamiso zvishomanana zvaakaita. Zvishamiso izvi zvakanyorwa mundima dzakawanda dzeMagwaro.

“Vazhinji vakatenda kuzita rake, vachivona zviratidzo zvaaita.” (Johani 2:23).

“Vanhu vazhinji zhinji vakamutevera, nokuti vakavona zviratidzo zvaaita kuvarwere.” (Johani 6:2).

“Iye akavuya kwaari vusiku, akati kwaari: Rabhi, tinoziva kuti muri Mudzidzisi wakabva kunaMwari; nokuti hakuna munhu unogona kuita zviratidzo izvozvo zvamunoita, kana Mwari asinaye.” (Johani 3:2).

Jesu paakamutsa Razaru kubva kuvakafa, vaJudha vakawanda vakatenda maari, asi vaprista vakuru vakamuitira godo uye vakatsunga kuuraya Jesu (Johani 12:9-11), izvo zvavakazoita. Kubva pamavambo enyika rakanga riri zano raMwari kuti Jesu afire pamuchinjikwa sechibayiro chezvivi zvenyika yose. Akanga akakodzera kutora nzvimbo yedu nokuti akanga asina chivi. Asi Mwari vakamumutsa zvinhu izvi kuvakafa. akaparidzwa mumharidzo yekutanga yevhangeri yakaziviswa naPetro pazuva rePentekosta.

“Varume vaIsraeri, donzwai mashoko awa: Jesu weNazareta, murume wakaraidzwa naMwari kwamuri namabasa esimba, nezvishamiso, nezviratidzo zvakaitwa naMwari pakati penyuru naye, sezvamunoziva imi mumene; iye, wakaiswa kwamuri nomutemo nokuziva zviru mberi kwaMwari, imi makamutora namavoko akaipa mukamurovera pamuchinjikwa mukamuvuraya.” (Mabasa 2:22, 23).

“Uyu Jesu wakamutswa naMwari, isu tiri zvapupu zvake tose.” (Mabasa 2:32).

“Zvino imba yose yavaIsraeri ngaizive kwazvo, kuti uyu Jesu wamakarovera pamuchinjikwa, Mwari wakamuita Ishe naKristu.” (Mabasa 2:36).

Jesu akabvumira vanhu vanotadza kuti vamuroverere, nokuti nenzira iyi ropa

rake risina mhosva rakadeurwa nokuda kwezvivi zvedu. Kuti tingakanganwirwa sei zvivi zvedu ichava musoro wezvidzidzo zviviri zvinotevera.

## **Chidzidzo 2 Mibvunzo**

### **Zadzai zvigarro nemhinduro dzakakodzera.**

1. Murume wekutanga aiva \_\_\_\_\_, mukadzi wekutanga aiva \_\_\_\_\_ Mwari akavaisa mumunda we \_\_\_\_\_.
2. Kutyora mutemo waMwari \_\_\_\_\_, asi pane mhinduro kudambudziko.
3. Tinofanira kuuya kuna \_\_\_\_\_ Mwari todzidza \_\_\_\_\_ Evhangeri.
4. Mutsara wokuti, “Mwanakomana waMwari”, unoreva Jesu \_\_\_\_\_; mutsara, mwanakomana wemunhu, unoreva WAKE \_\_\_\_\_.
5. Zita rokuti “Jesu” rinoreva \_\_\_\_\_.
6. Jesu akaraidza kuti ndiye Mwanakomana waMwari ne \_\_\_\_\_ ne \_\_\_\_\_ yaakaita.
7. Jesu akamutsa murume ainzi \_\_\_\_\_ kubva kuvakafa.
8. Vaprista vakuru vaidza kuuraya Jesu nokuti vakanga vari \_\_\_\_\_ vevanhu vaimutevera.
9. Mwari akamutsa Jesu kubva kuna Iye zvino zvole uye
10. Vasina mhosva \_\_\_\_\_, vaJesu vakadururirwa \_\_\_\_\_ yedu.
11. Kuti tidzivise kurangwa kusingaperi tinofanira kuuya kuna \_\_\_\_\_ Mwari todzidza \_\_\_\_\_ vhangeri.
12. Hurongwa hwaMwari \_\_\_\_\_ hwemunhu kubva pazvivi zvake hunoonekwa pakutanga mubindu re \_\_\_\_\_.

### **Maka zvirevo zvinotevera kuti chokwadi kana nhema.**

1. \_\_\_\_\_ Mubairo wechivi rufu, kuparadzaniwa naMwari nokusingaperi.
2. \_\_\_\_\_ Jesu ndiye musoro weTsitamende Itsva.
3. \_\_\_\_\_ Jesu haagari nokusingaperi
4. \_\_\_\_\_ Jesu aive hafu yaMwari nehafu munhu.
5. \_\_\_\_\_ Jesu akanga ari mwana wemhandara yainzi Maria.
6. \_\_\_\_\_ Jesu akanga akaenzana naBaba.
7. \_\_\_\_\_ Jesu akambopa vanhu zviuru zvisihanu zvekudya nezvingwa zvisihanu nehove mbiri.
8. \_\_\_\_\_ Jesu haana kumbotadza.
9. \_\_\_\_\_ Pakarovererwa Jesu, chaive chikamu chehurongwa hwaMwari hwekudzikina vanhu kubva kuzvitadzo zvake.

10. \_\_\_\_\_ Munhu aigona kuramba aine ruponeso kunyange dai Jesu asina kufa pamuchinjikwa.
11. \_\_\_\_\_ Zvishamiso zvakaitwa naKristu zvakaraidza kuti aive Mwanakomana waMwari.
12. \_\_\_\_\_ Pane imwe nguva Jesu akaudza vaJudha kuti, “Abrahama asati avapo, IYE AKANGE ARIPO”.

## **Chidzidzo Chechitatu** **DAMBUDZIKO RECHIVI**

Wakambosarudza kuita chimwe chinhu chawaiziva kuti chakaipa here? Bhaibheri rinoti zviito izvozvo zvakaipa chivi. Mupfungwa huru, chivi chinoreva kuti apo Mwari anotipa mutemo (kana kuti murayiro), toramba kuuita, ikoku kunotiita vasina mutemo, kana kuti vasina murayiro.

“Mumwe nomumwe unoita zvivi, unodarika nomurairovo; zvivi ndiko kudarika murairo.” (1 Johani 3:4).

Nemamwe mashoko, Bhaibheri rinodzidzisa kuti zvimwe zvinhu zvakaipa, zvakadai sekuba. Mbavha dzinoverengerwa pakati pavasakarurama (1 VaKorinte 6:9, 10), vasingazogari nhaka youmambo hwokudenga. Pauro anotaurea zvakajeka kuti: “Aiba ngaachirega kubazve.” (VaEfeso 4:28). Kuba Kwakaipa kana tikaba, tatyora mutemo waMwari - takatadza.

Kuramba chokwadi chinova chivi zvakare, sezvo Bhaibheri riri Chokwadi. Rimwe bhuku reTestamente Itsva raikurukura nezvechivi ndereVaRoma. Hazvina kuita sokuti munhu haana kumboziva chokwadi; akaifuratira uye akairamba (VaRoma 1:18-20). Mavhesi mashoma anotevera anoratidza kuti vanhu vakabata sei Mwari neShoko rake.

“Nokuti vaiziva Mwari, asi havana kumukudza saMwari, kana kumuvonga; asi vakafunga zvisinamaturu, nemoyo yavo isinezivo, ikasvibiswa. Vachiti, takachenjera, vakava mapenzi; vakashandura kubwinya kwaMwari usingafi, vakakuita mufananidzo wakafanana nomunhu unofa, neshiri, nemhuka dzinamakumbo mana, nezvinokambaira. Saka Mwari, mukuchiva kwemoyo yavo, akavaisa kutsvina, kuti vanyadzise miviri yavo pakati pavo. Avo vakatsinhanha zvokwadi yaMwari nenhema, vakanamata nokushumira chisikwa kupfuvura musiki, iye unokudzwa nokusingaperi. Amenii.” (VaRoma 1:21-25).

Mwari anoda kuti vanhu vose vazive Chokwadi. Ndicho chikonzero akatipa Bhaibheri. Asi kana tikazviramba, achatirega tichiva mapenzi. Achatibvumira kupofumadzwa nekukanganisa (zvinhu zvisiri zvechokwadi) uye kunyange kurasika nekusingaperi (2 VaKorinte 4:3,4). Achatibvumira kuti tinyengerwe nedzidziso dzenhema. Vazhinji vakatoparara “nokuti havana kugamuchira rudo rwechokwadi” (2 VaTesaronika 2:10). **Unoda Chokwadi here, kupfuura zvimwe zvose?**

### **Vese Vakadadza**

Mwari pavakasarudza Abrahamu nezvizvarwa zvake kuti vave vanhu vake vakasarudzika, pakava nemapoka maviri evanhu munyika: Vana vaAbrahamu (avo

vakazonzi vaJudha) nevaHedheni (vanhu vanobva kune mamwe marudzi ose muchishamiso chose). Mubhuku raVaRoma, muapostora Pauro anoratidza kuti vaJudha neVemamwe Marudzi vaiva nemhosva yechivi. VaHedheni vakaramba Chokwadi uye vakava vanamati vezvifananidzo; vaJudha vakapiwa murayiro mutsvene waMwari, asi havana kuuchengeta. Munhu wese (muJudha nemuHedheni) akaita chivi. “Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Hakuna wakarurama, kunyange nomumwe.” (VaRoma 3:10) “Nokuti vose vakatadza vakasasvika pakubwinya kwaMwari” (VaRoma 3:23).

Wakaita chitadzo here? Chokwadi vakaita. Magwaro ari pamusoro anojekesa kuti mumwe nemumwe wedu anosarudza kutadza.

Asi unogona kushamisika uchiti, “Zvivi zverudzii zviripo. Chokwadi, kune marudzi mazhinji ezvitadzo. (VaGaratia 5:19-21; VaEfeso 4:26-32; 2 Timotio 3:1-5; uye Zvakazarurwa 21:8). Pazasi pane Mamwe mapoka ezvivi.

Kune zvivi zvenyama. Izvi zvinoreva nzira dzisingabvumirwi nomutemo dzokugutsa zvishuvo zvenyama. Zvinosanganisira hupombwe (kuita bonde nemunhu asiri mudzimai wako kana murume wako), hupombwe, ungochani, kurambana kusiri muMagwaro uye kuroorazve, kudhakwa, mitambo yemafaro, nezvimwewo. Mwari anoda kuti vanhu vake vave vatsvene uye vakachena.

“Asi saiye mutsvene wakakudanai, nemi vo mumene muve vatsvene pamufambire wenyu wose; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Ivai vatsvene, nokuti ini ndiri mutsvene.” (1 Petro 1:15, 16).

“Vadikanwa, ndinokumbira zvikuru kwamuri, zvamuri vatorwa navaeni, kuti muzvidzore pakuchiva kwenyama kunorwa nomweya.” (1 Petro 2:11).

Pane zvivi zvemafungiro, zvakadai sekuzvikudza, godo, kuchochora, kutsamwa, ruvengo, kusaonga kana kusaregerera, nezvimwewo. Zvimwe zvacho zvinoratidzwa nerurimi, rwatinoyambirwa kuti tidzore.

“Zvino, vadikanwa, zvatine zvipikirwa izvi, ngatizvinatse pamatsvina ose enyama noomweya, tikwanise vutsvene pakutya Mwari.” (2 VaKorinte 7:1).

Kwete Kuti bedzi HATIFANIRI kuita zvinhu zvakaiipa; tinofanirawo kuita zvinhu zvakarurama uye zvakanaka.

“Naizvozvo uyo, unoziva kuita zvakanaka, akasazviita, iye unezvivi.” (Jakobho 4:17).

### **Mubairo Wechivi**

Kana tikasarudza kutadza chii chinoitika? tinorasikirwa nokuyanana kwedu naMwari. Adhamu naEvha, pakutanga kwekuvapo kwemunhu, vakarasikirwa nekama hunokosha ihwohwo naMwari pavakatadza (Genesisi 3). Muporofita weTesta-



mente Yekare, Isaya, akaudza vaIsraeri kuti zvitadzo zvavo zvakanga zvakakura sei.

“Tarirai, ruoko rwaJehovha haruna kupfupiswa, kuti rukoniwe kuponesa, nzeve yake haina kuremerwa, kuti ikoniwe kunzwa; asi zvakaipa zvenyu zvakakuparadzani-sai naMwari wenyu, zvivi zvenyu zvakakuvanzirai chiso chake, kuti arege kunzwa.” (Isaya 59:1, 2)

Sezvo Mwari ari mutsvene, haagone kutendera kana kuyanana neChivi. Nokuchenjera, anofanira kuranga Chivi. “Mubairo wechivi rufu” (VaRoma 6:23).

Chii chichaitika kwatiri kana tiine mhosva yechivi patinofa? Ticharasika. Kune zuva riri kuuya apo Ishe Jesu vanenge vari “..... nemi munotambudzwa, kuti mupiwe kuzorora pamwe chete nesu pakuvonekwa kwaShe Jesu, kana achibva kudenga nava-tumwa vesimba rake, mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasing-ateereri Evhangeri yaShe wedu, Jesu Kristu; ivo vacharobwa nokuparadzwa kusinga-peri, kuti vabve pamberi paShe, napakubwinya kwesimba rake.” (2 VaTesaronika 1:7-9).

Mumwe nomumwe wedu akatadza. Tosd zvedu takarasikirwa zvedukuyanana naMwari. Isu tose tinokodzera rufu, rufu rwemweya kuparadzaniiswa kusingaperi kubva kuna Mwari uye nemaropafadzo ake ese akanaka. Tawana kurangwa uku-nokuda kwezvivi zvedu. Chokwadi hatidi kutambura nokusingaperi, asi tinofanira kudaro.

Asi Mwari, Mutsvene watakatadzira, haadi kuti tirasirwe kubva pamberi pake zvachose. Sezvo ari mutsvene uye akarurama, zvisinei anofanira kuranga chivi. Akasarudza kuti pane nzira yokutiponesa pazvivi zvedu. Akabvumira Jesu kuti atore nzvim-bo yedu uye atakure kurangwa kwedu.

“Asi akakuvadza nokuda kwokudarika kwedu, akarwadziwa nokuda kwez-vakaipa zvedu; kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake, taka-poreswa namavanga ake. Saka ndichamuganhurira mugove pamwechete navakuru, achagoverana zvakapambwa navane simba; nokuti akadurura mweya wake kukufa, akaverengwa pamwechete navadariki; uye akatakura chivi chavazhinji, akanyengeter-era vadariki.” (Isaya 53:5, 12).

“Kudarika” uye “kutadza” zvimwechete nekuti “zvivi”.

Hongu, “mubairo wechivi ndirwo rufu, asi chipo chaMwari chokungopiwa ndi-hwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu.” (VaRoma 6:23) Chokwadi, “mubayiro wechivi ndirwo rufu.” Sezvo Jesu ari rutivi rwoUmwari, tinogona kun-zwisisa izvo Pauro aireva muna VaRoma 3:26 apo akataura kuti Mwari akarurama uye anoruramisa uyo ane Taith muna Jesu. Verenga 2 VaTesaronika 1:7-9 zvakare. Unoziva Mwari here? Wakateerera evhangeri here? Kana zvisizvo uchiri uchakarasi-ka muzvivi zvako. Chidzidzo chinotevera chichakuudza kuti ungaponeswa sei kubu-

dikidza naJesu.

### **Chidzidzo 3 Mibvunzo**

#### **Zadzisa nemhinduro kwayo.**

1. Kuramba kuita murairo waMwari \_\_\_\_\_
2. Vanhu vakatsinhanisa chokwadi chaMwari ne \_\_\_\_\_
3. Kuti uponeswe munhu anofanira kugamuchira rudo rwe \_\_\_\_\_
4. Zvikamu zviviri zvevanhu munyika nde \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_
5. Upombwe, ungochani, uye kudhakwa zvivi zve \_\_\_\_\_
6. Kudada, godo, neruvengo zvivi zve \_\_\_\_\_
7. Kune uyo anoziva kuita \_\_\_\_\_ uye akasazviita, kwaari chivi.
8. Mubairo wechivi \_\_\_\_\_ chipo chaMwari \_\_\_\_\_
9. Jesu paanoratidzwa kubva kudenga aine ngirozi dzake dzine simba, achatsiva kune vasinga \_\_\_\_\_ Mwari uye pane vasingateereri \_\_\_\_\_.
10. Mwari akatendera \_\_\_\_\_ kutakura chirango chezvivi zvedu.
11. Mwari \_\_\_\_\_ kuda muripo wezvivi, asi ndiye \_\_\_\_\_ yedu ari kuti-pa nzira yokuti tiponeswe pazvivi zvedu.
12. Sezvo Jesu ari chikamu che \_\_\_\_\_ chatinogona pasi pachochira zvairehwa naPauro munaVaRoma 3:26 paakati Mwari ndiye zvose \_\_\_\_\_ uye anoruramisa uyo ane \_\_\_\_\_ muna Jesu.

#### **Maka zvirevo zvinotevera kuti chokwadi kana nhema.**

1. \_\_\_\_\_ Kuba chitadzo.
2. \_\_\_\_\_ Kurambwa kweChokwadi chivi.
3. \_\_\_\_\_ Mwari anobvumira vanhu kupofumadzwa nekukanganisa uye kurasika zvachose.
4. \_\_\_\_\_ Vazhinji, asi kwete vose, varume vane mhosva yezvivi.
5. \_\_\_\_\_ Kuita chivi hakukanganisi kuwadzana kwedu naMwari.
6. \_\_\_\_\_ Sezvo Mwari ari mutsvene, haakwanisi kutendera kana kuyanana nechivi.
7. \_\_\_\_\_ Munhu wese anofanirwa kutambura nekusingaperi.
8. \_\_\_\_\_ Mwari anoda kuti munhu wose atambure nokusingaperi.
9. \_\_\_\_\_ Mwari haafaniri kuranga zvivi.
10. \_\_\_\_\_ VaHedeni vakaramba Chokwadi vakava vanamati vezvidhori.

## **Chidzidzo Chichina**

### **KUPONESO KUBVA KUCHIVI**

Tose takatadza (VaRoma 3:23), uye tose takakodzera rufu (VaRoma 6:23). “Asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu. Mwari zvirokwazvo azere nenyasha dzekupa ruponeso kumunhu wese munyika dzese. “Nokuti nyasha dzaMwari dzakavonekwa, dzinovigira vanhu vose kuponeswa.” (Tito 2:11) Mwari vanoratidza kudzama kwerudo rwake nokutotipa mukana wokuponeswa, sezvo tanga takamupandukira uye tichitadza. “Asi Mwari unoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi.” (VaRoma 5:8).

Mwari anotiponesa sei pazvivi zvedu? Akatiponesa nokurega Jesu achiripira chirango chedu chezvivi. Sezvo isu tose tine mhosva yechivi, hatina kukwanisa kutora nzvimbo dzemumwe nemumwe. Munhu asina chivi chete ndiye aikwanisa kutambura kurangwa kwedu. Jesu “Iye usina kuita zvivi, nokunyengera hakuna kuvonekwa mumuromo make.” (1 Petro 2:22). Naizvozvo, akanga akakodzera kutora nzvimbo yedu.

Mutengo waidiwa naMwari kuti atiponese rakanga riri ropa rechibairo chisina mhosva. “Pasina kuteurwa kweropa, hapana kuregererwa” (VaHebheru 9:22). (Kuregererwa zvinoreva “kukanganirwa” zvivi zvedu zvitadzo.) Nyangwe zvazvo akanga asina mhosva yokuita zvitadzo, Jesu akarovererwa pamuchinjikwa wemuti navanhu vakaipa uye vatadzi. Akarwadziwa zvikuru kwemaawa. Mushure mokufa kwake, murwi akamubaya rutivi rwake nepfumo, ropa nemvura zvikabuda (Johani 19:34). Ropa iri rakapirwa zvivi zvedu (VaHebheru 9:12). Neropa iri Jesu anosuka zvivi zvedu (Zvakazarurwa 1:5). Hapana chinogona kutichenesa kana kubvisa zvivi zvedu kunze kweropa raJesu.

Kana zvivi zvedu zvikasacheneswa neropa raJesu, ticharangwa nokuparadzaniwa naMwari nokunaka kwake, nokusingaperi (2 VaTesaronika 1:9).

Rudo rukuru zvakadii rwatingaratidza rinopfuura kuroverwa mukutanga kwaJesu pamuchinjiko nokuda kwezvivi zvedu uye ndokusvidika zvose? Asi mubvunzo unoramba uripo, “Unobvisa sei zvivi zvako ugowana hupenyu husingaperi?”

### **Chikamu Chemunhu Muruponeso**

Kunyange zvazvo ruponeso ruchiyaya nenyasha dzaMwari uye rwunowanikwa kune vose, pane mhinduro iyo munhu anofanira kuita dai zvikasadaro vanhu vese vaizoponeswa zvisinei nezvavakaita, zvisinei kuti maitiro avo aive akaita sei.

Jesu akafira zvitadzo zvevanhu vose - zvitadzo zvomunhu wose ari munyika yose (1 Johani 1:2), asi havasi vanhu vose vachaponeswa nokuti vazhinji havazogashi mitemo yechipo chaMwari. Kutu tiwane ruponeso, tinofanira kuita zvinodiwa naMwari

mashoko, ayo anokurukurwa pasi apa.

Chokutanga, tinofanira kutenda uye kuziva kuti Mwari ariko.

“Kana kusina kutenda hazvibviri kumufadza; nokuti unovuya kunaMwari, unofanira kutenda kuti iye uripo, vuye kuti unopa vanomutsvaka mubairo wavo.” (Va-Hebheru 11:6)

Tinofanirawo kutenda kuti Jesu Mwanakomana wake , waakatuma kuti atiponese pazvivi zvedu.

“Naizvozvo ndakati kwamuri; Muchafira muzvivi zvenyu, nokuti kana musinganditendi, kuti ndini iye, muchafira muzvivi zvenyu.” (Johani 8:24). [Chidzidzo Chechipiri chaitaura nezvekuzivikanwa kwaJesu.]

Danho rechipiri nderekutendeuka pazvivi zvedu. Jesu akajekesa kuti kana tikasatendeuka, tose tichadarowo kuparara (Ruka 13:3). Inzwi rokuti “kutendeuka” rinorevei? Pane zvikamu zvakawanda kutsanangudzo yezwi iri. Kutanga, tinofanira kunzwisisa kuti chivi chii [Tarisa Chidzidzo Chechitatu]. Zvadarwo, tinofanira kuziva kuti chivi chinoitei kwatiri: chinotiparadzana kubva mukuwadzana kwaMwari uye chinotitongera kurangwa kusingaperi. Chivi chakakonzerawo kuti Jesu asina mhosva arovererwe; Aifanira kudeura ropa rake nokuda kwezvivi zvedu.

Kufunga nezvechokwadi ichi kunofanira kuita kuti tinzwe Kusuwa nezvatakaita. Kunzwa kusuruvara ikoko hakusi kutendeuka, asi kunogona kuunza kutendeuka. “Nokuti kuchema sezvinoda Mwari kunovuyisa kutendeuka, kunoisa kukuponeswa kusingazvidyi moyo; asi kuchema kwenyika kunovuyisa rufu.” (2 VaKorinte 7:10).

Kusuwa kwechokwadi pamusoro pezvivi zvedu kunozotiita kuti tichinje mafungiro nemaitiro edu, zvakare. Johani, uyo akagadzirira Jesu nzira, akaudza vanhu kuti “Naizvozvo berekai zvibereko zvakafanira Kutendeuka.” (Ruka 3:8). Nemamwe mashoko, panofanira kuva nekushanduka kwemararamiro atinoita.

“Naizvozvo Mwari wakarega hake kurangarira nguva dzokusaziva; asi zvino unoraira vanhu vose kwose-kwose kuti vatendeuke. Nokuti wakatarira zuva, raachatonga nyika naro nokururama, nomurume waakagadza; akasimbisa shoko iro kuna-vose, pakumumutsa kuvakafa.” (Mabasa 17:30, 31).

“Nokuti nyasha dzaMwari dzakavonekwa, dzinovigira vanhu vose kuponeswa, Dzichitidzidzisa isu kuti tirambe kusanamata Mwari nokuchiva zvenyika, tirarame nokungwara, nokururama, nokunamata Mwari panguva ino.” (Tito 2:11, 12).

Kana isu takagadzirira kuchinja nzira yatinorarama nayo (kuita kuda kwaMwari panzvimbo pekvedu), ipapo tinofanira kuva vakagadzirira kubvuma pamberi pomunhu kuti Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari (Mateo 10:32, 33, Mabasa 8:37; 1 Timotio 6:12). Kutenda uye kureurura kwaJesu zvakabatanidzwa mundima yakanyorwa pazasi.

“Kuti, kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mu-moyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa; nokuti munhu unotenda nomoyo, ndokururamiswa; unopupura nomuromo, ndokuponeswa.” (VaRoma 10:9,10).

Danho rekupedzisira pakuita kuti zvivi zvemunhu zvibviswe kuve anobhabhatidzwa kuzvivi zviregererwe. Kutenda nerubhabhatidzo zvakabatanidzwa muna Marko 16:16, umo Jesu akati, “Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa.”

“Nokuti vose pakati penyau, vakabhabhatidzwa munaKristu, makafuka Kristu.” (VaGaratia 3:27).

Cherechedzai kuti ruponeso runouya kana munhu atenda uye abhabhatidzwa. Haisi nyaya yekuita chimwe kana chimwe, zvose zvinodiwa zvivi zvisati zvasukwa. Bhuku reTestamente Itsva raMabasa rine nhorondo dzakawanda dzevanhu vachiponeswa kubva kuzvitadzo zvavo apo vhangeri rakapararira pasi rose. Mharidzo yekutanga chaiyo yakaparidzwa pazuva rePendekosti mushure mekunge Jesu akwira kudenga (Mabasa 1:9-11) uye mushure mekunge Mweya Mutsvene wauya pamusoro pevaapostori (Mabasa 2:14).

Mharidzo yaPetro yakapwisa vazhinji kuti vakanga varoverera Jesu (Mwanakomana waMwari), uye ipapo vakadanidzira, vachibvunza zvavaifanira kuita kuti varegererwe (Mabasa 2:36, 37).

“Petro akati kwavari: Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu abhabhatidzwe nezita raJesu, kuti mukanganwirwe zvivi, mupiwe chipiwa choMweya Mutsvene.” (Mabasa 2:38).

“Zvino avo vakagamuchira nomufaro shoko rake, vakabhabhatidzwa; nezuva iro vanhu vanenge zvuru zvitatu vakawedzera.” (Mabasa 2:41).

Vanhu ava vakanga vagutsikana nokuparidza kwaPetro kuti Jesu akanga ari Kristu, Mwanakomana waMwari. Sezvo vaidavira chokwadi ichocho, vaida kuziva chimwe chavaifanira kuita. Petro akavaudza kuti vatendeuke uye vabhabhatidzwe kuti varegererwe zvivi zvavo.

Mhinduro yedambudziko rechivi ndiyo imwe chete nhasi. Munhu wose anoda kuponeswa anofanira kupfidza obhabhatidzwa kuti akanganwirwe zvivi zvake. Haisi mvura inotichenesa. Jesu anosuka zvitadzo zvedu muropa rake (Zvakazarurwa 1:5). Anoasuka patinobhabhatidzwa (Mabasa 22:16).

Sei Anomirira kusvika panguva iyoyo kuti azviite? Chidzidzo Chechishanu, chicharatidza mhinduro kumubvunzo iwoyo zvakajeka. Asi chimwe chechikonzero ndechekuti Akatipa murairo; uchaiteerera nomwoyo wose here?

“Naiwo mufananidzo worubhabhatidzo, runokuponesai zvino, rusingarevi kub-

viswa kwesvina yenyama, asi kutsvaka hana yakanaka kuna Mwari nokumuka kwa Jesu Kristu.” (1 Petro 3:21).

### **Wakabhabhatidzwa Zvirimaringe neMagwaro here?**

Ndapota cherechedza kuti hatisi kubvunza kana uchinge wakasaswa semwana mu cheche. Vanhu vakawanda vakasaswa nemvura vachiri vacheche, asi kusaswa hakurevi rubhabhatidzo rweMagwaro. Kumwaya sechinzvimbo chekubhabhatidzwa kwakatanga muzana remakore rechitatu chete uye kunobva patsika dzevanhu chete (Mateo 16:9). Munhu wekutanga akagamuchira kusaswa semutsivi wekunyudzwa aive Novatian mugore ra25U A.D.

Zvatinokumbira ndezvizvi: Makagamuchira here rubhabhatidzo rwakakumikidzwa na Kristu? Wakakugamuchira rubhabhatidzo rwakafanira rwatingaverenga nezvarwo mu Testamende Itsva (VaRoma 6:3,4)?

Chechipiri wakabhabhatidzwa nechikonzero chakanaka here? Vazhinji mune mamwe masangano, vakanyudzwa mumvura, asi vakanyudzwa nokuda kwechinangwa chisina kururama. Vamwe vanoti “rubhabhatidzo chiratidzo chekunze chenyasha dzemukati. Vanotsigira dzidziso iyi vanoti vakabhabhatidzwa nekuti vakatoponeswa.

Dzidziso yakadaro inopesana nekutaura kwakajeka uye kwakapfava kwa Jesu Kristu nevaapostori vake (Marko 16:15; Mabasa 2:38; VaGaratiya 3:27) Tsika dzevanhu dzinoita kuti kunamata kwedu uye kunyange kuteerera kwedu Mwari kuve chinhu chisina maturo chaasingagamuchiri.

Kana uchida kuita zvakanaka uye kubhabhatidzwa nemagwaro, tingafara kukubatsira munzira ipi neipi isu ccm. Unogona kunyorera kukero yedu kana kutifonera. Ona peji rekodzero yeruzivo urwu.

### **Chidzidzo 4 Mibvunzo Zadzisa nemhinduro kwayo.**

1. Jesu haana kuita \_\_\_\_\_.
2. Jesu akadurura \_\_\_\_\_ yake nokuda kwezvivi zvedu, pasina iyo hapana \_\_\_\_\_.
3. Murwi paakamubaya parutivi, \_\_\_\_\_ na \_\_\_\_\_ vakabuda.
4. Kutiponeswe tinofanira kutenda kuti Mwari ariko uye kuti Jesu ndiye \_\_\_\_\_ wake. Kunze kwekunge tichitenda, ticha \_\_\_\_\_ mu \_\_\_\_\_ yedu.
5. Chivi chinotiparadzanisa kubva \_\_\_\_\_ chaMwari uye chinotitongera \_\_\_\_\_ kurangwa.
6. Mwari anorayira vanhu vose kwose kwose kuti \_\_\_\_\_. Kana tikasadaro, tose tichavawo \_\_\_\_\_.

7. Kupfidza kunoreva kuramba \_\_\_\_\_ neyenyika \_\_\_\_\_ (Tito 2:11,12).
8. Petro akaudza vanhu pazuva ra \_\_\_\_\_ ku \_\_\_\_\_ uye kuva \_\_\_\_\_ pa \_\_\_\_\_ ye \_\_\_\_\_ yavo.
9. YaKristu inosuka zvitadzo zvedu \_\_\_\_\_ tinobhabhatidzwa.

**Maka zvirevo zvinotevera kuti chokwadi kana nhema.**

1. \_\_\_\_\_ Kune dzimwe nyika dzisingapiwi nyasha naMwari.
2. \_\_\_\_\_ Jesu akaripira chirango chezvivi zvedu.
3. \_\_\_\_\_ Jesu anosuka zvivi zvedu neropa rake.
4. \_\_\_\_\_ Vanhu vose vachaponeswa zvisinei nezvavanoita.
5. \_\_\_\_\_ Kutendeuka kunoreva kuzvinzwira urombo nekuda kwezvivi zvedu, asi hati-fanire kushandura mararamoro atinoita.
